



DEPATMAN SANTE AK SANTE MANTAL

VIL NEW YORK

Mary T. Bassett, M.D., M.P.H.

Manm Komisyon

24 Jiyè 2014

Chè Paran (yo)/Responsab Legal (yo):

Lèt sa a nou voye ba ou a se pou fè ou konnen chanjman ki gen nan règleman pou vaksinasyon nan Eta New York ki ka afekte pitit ou. Nou mete lis kondisyon pou vaksinasyon pou ane 2014 la nan anvlòp la pou ak sou sitwèb www.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/imm/sch-med-req.pdf. Pou pitit ou kapab ale nan gadri, ou dwe soumèt prèv vaksinasyon an ba pwogram gadri pitit ou.

Tanpri sonje chanjman ki endike anba la yo nan kondisyon vaksinasyon pou elèv ki ale nan gadri ak nan klas pre-matènèl nan ane 2014-15:

- Vaksen kont grip Haemophilus Tip B (Hib) [Haemophilus influenza Type B (Hib) vaccine]: Si pitit ou pa t pran vaksen sa a oswa si li pa t pran dènye dòz la anvan li te gen laj 15 mwa, li ka bezwen pran yon dòz vaksen sa a.
- Vaksen melanje kont menengokòk [Pneumococcal conjugate vaccine (PCV)]: Si pitit ou pa t pran vaksen sa a oswa si li pa t pran dènye dòz la anvan li te gen laj 2 ane, li ka bezwen pran yon dòz vaksen sa a.
- Vaksen kont grip (Influenza vaccine): Timoun yo dwe pran pou pi piti yon dòz vaksen kont grip ant 1ye jiyè 2-14 ak 31 desanm 2014.

Epitou, tanpri sonje tout timoun ki gen laj 6 mwa jiska 59 mwa ki enskri nan gadri dwe pran yon vaksen kont grip anvan 31 desanm chak ane apre. Ou kapab jwenn kesyon moun poze souvan konsènan kondisyon pou pran vaksen kont grip sou sitwèb www.nyc.gov/html/doh/downloads/pdf/imm/day-care-flu-faq.pdf.

Chanjman sa yo se yon diplis nan kondisyon pou vaksen kont DTaP (vaksen kont anatoksin difterik ak tetanik ak Koklich), Polyo, MMR (Lawoujòl-Malmouton-Ribeyòl), Varisèl, ak Epatit. Pou tout vaksen ki obligatwa yo, ou dwe konsidere kantite dòz yo ak entèval yo ant dòz yo valab.

Tanpri sonje kondisyon pou Hib ak PCV se kondisyon ki konplèks epi yo depannde kantite dòz vaksen timoun nan te pran anvan ak laj li lè li te pran vaksen an. Tanpri revize istwa vaksinasyon an avèk doktè pitit ou ki kapab deside si yon dòz anplis vaksen an obligatwa pou timoun nan ale nan gadri oswa nan Klas Pre-Matènèl.

Tanpri kontakte direktè pwogram gadri ou si ou gen kesyon. Ou ka ale sou sitwèb Biwo Gadri nan www.nyc.gov/health/childcare.

Ak tout kè mwen,

Jane R. Zucker, MD, MSc
Biwo Vaksinasyon

Frank Cresciullo, MPA
Biwo Gadri